



Komisè Gouvènman nan Middlesex
Gerry Leone

Timoun se priyorite nou ki gen plis valè epi ki merite plis atansyon. Se yo menm tou ki pi frajil nan pami nou. Pèsonn pa vle kwè okenn moun vle fè yon timoun mal. Malerèzman, gen vyolans ki konn rive, twò souvan nan pwòp fanmi timoun lan. Yo jwenn prèv nan ankèt ak jijman ki montre gen jiska yon milyon timoun chak ane ki sibi vyolans ak neglijan nan Etazini. Sèlman, li enposib pou sipoze kantite ka ki rive, san yo pa rapòte yo.

Gen yon lwa ki rele "Mandated Reporter Statute, Massachusetts General Laws, Chapter 119, Section 51A", ki oblije pwofesyonèl ki gen kontak avèk timoun nan travay yo, fè rapò bay Depatman Timoun ak Fanmi (DCF) nan Massachusetts la si yo sispèk gen yon timoun ki poko gen 18 an, ki viktim vyolans oswa neglijan.

Li enpòtan pou moun ki mandate pou fè rapò yo konprann responsablite legal yo. Tiliv enfòmasyon sa a ekri yon jan pou ede w konprann lwa ki di fè rapò lè gen vyolans sou timoun yo, epi pou sèvi tankou yon gid pou ekri yon rapò 51A.

Epi tou, gen yon aplwaye nan Inite kont Abi sou Timoun nan Biwo pou Pwoteksyon Fanmi nou an, ki la pou reponn kesyon ak pwoblèm ou ka genyen yo. Inite sa a okipe tout ka ki gen vyolans seksyèl oswa vyolans fizik enpòtan sou timoun ki poko gen 16 an, ansanm ak ka kote gen eksplwatasyon timoun ki poko gen 18 an.

Si nou travay ansanm, n ap kapab bay pi bon rezilta ki posib pou garanti sekirite ak byennèt tout timoun ki soukont nou yo.

Mo ou Dwe Konnen

MOUN KI OKIPE TIMOUN lan se papa ak manman, bopè oswa bèlmè, moun ki responsab li, granpè ak granmè, pwofesè, bebisitè, monitè, chofè otobis lekòl li, konseye nan kan, ak tout lòt moun yo bay responsablite pou sante oswa byennèt timoun lan. Mo sa a dwe entèprete nan sans laj li, kidonk li ka vle di tou yon jenn moun k ap okipe timoun lan.

VYOLANS: Se lè yon moun k ap okipe yon timoun fè yon zak ki pa yon aksidan epi ki mete timoun lan devan danje, oubyen nan yon danje grav pou l pran yon chòk fizik oswa emosyonèl; oubyen se lè yon moun komèt yon zak seksyèl sou yon timoun, dapre definisyon kòd penal nan Commonwealth la; oubyen se nenpòt kontak seksyèl ant moun k ap okipe timoun lan ak timoun lan.

NEGLIJANS: Se lè yon moun gen responsablite pou okipe yon timoun, epi li fè espere oswa li pote neglijan oubyen li pa rive pran aksyon ki nesèsè pou bay timoun lan sa li bezwen kòm manje, rad, lojman, swen medikal, sipèvizyon, establite ak devlopman emosyonèl, ak lòt swen esansyèl. Sèlman, yo pa kapab gade moun lan konsa sèlman paske li pa gen ase resous ekonomik, oubyen paske li gen yon enfimite ki anpeche l aji.

CHÒK FIZIK: Se lè gen lamò, zo kase, ematom entraserebral, boule, ògàn ki pa travay oswa lòt chòk grav ki menm jan; kote ki anfle oswa maleng sou po timoun lan ki pa nòmal pou laj li dapre sikonstans li rive yo, ak dapre kote maleng yo ye oswa kantite yo; adiksyon pou yon dwòg lè timoun lan fèt; manke devlopman. Lè yo souke yon timoun, yo konsidere sa tankou yon vyolans poutèt chòk sa konn lakòz timoun lan pran souvan nan kolòn vètebral, tèt, ak kou l si yo souke l fò.

CHÒK EMOSYONÈL: Se yon blokaj oswa yon pwoblèm nan kapasite entelekyèl oubyen kapasite sikolojik yon timoun, ki parèt nan yon rediksyon grav yo ka wè nan kapasite timoun lan, pou l aji nan yon nivo pèfòmans ak konpòtman ki ta nòmal pou li.

Pou Kontakte

Depatman Timoun ak Fanmi an

Misyon DCF se pwoteje timoun ki sibi vyolans oswa neglijan nan men moun k ap okipe yo, epi veye pou chak timoun gen yon kote pou l rete an pèmànans, an sekirite, ak moun k ap okipe l byen. DCF fè yon seri sèvis prevansyon pou sipòte ak ede fanmi ki gen timoun ki kapab an danje sibi vyolans oswa neglijan. Gen 6 biwo rejyonal DCF ki kouvri vil ak vilaj nan Middlesex County yo. Pou gade yon dosye oubyen pou remèt yon rapò 51A, rele biwo ki kouvri vil oswa vilaj kote timoun lan rete a:

BIWO REJYONAL ARLINGTON 781 641-8500

Covers Arlington, Belmont, Lexington, Newton, Waltham, Watertown, Weston

BIWO REJYONAL CAMBRIDGE 617 520-8700

Covers Burlington, Cambridge, Somerville, Wilmington, Winchester, Woburn

BIWO REJYONAL FRAMINGHAM 508 424-0100

Covers Acton, Ashland, Bedford, Boxborough, Carlisle, Concord, Framingham, Holliston, Hopkinton, Hudson, Lincoln, Littleton, Marlborough, Maynard, Natick, Sherrborn, Stow, Sudbury, Wayland



NIMEWO RAPID DCF POU TIMOUN KI AN DANJE

1-800-792-5200

Aprè 5è apremidi ak pandan fen semenn

BIWO REJYONAL LOWELL 978 275-6800

Covers Billerica, Chelmsford, Dracut, Dunstable, Lowell, Tewksbury, Tyngsboro, Westford

BIWO REJYONAL MALDEN 781 388-7100

Covers Everett, Malden, Medford, Melrose, North Reading, Reading, Stoneham, Wakefield

BIWO REJYONAL NORTH CENTRAL 978 466-1500

Covers Ashby, Ayer, Groton, Pepperell, Shirley, Townsend

VIOLANS SOU TIMOUN AK NEGLIJANS KISA MOUN KI MANDATE POU FÈ RAPÒ YO DWE KONNEN

Kisa Lwa sou Moun ki Mandate pou Fè Rapò a ye?

Seksyon 51A nan Chapit 119 Lwa Jeneral Massachusetts yo egzije pou pwofesyonèl k ap fè travay ki mete yo an kontak avèk timoun, fè rapò bay Depatman Timoun ak Fanmi (DCF) nan Massachusetts la chak fwa yo sispèk gen yon timoun ki poko gen 18 an ki sibi vyolans oswa neglijan. Kòm moun ki mandate pou fè rapò, genyen pratisyen medikal, edikatè, pè, pastè, ak monseyè, konseye, asistan timoun, moun leta bay elve timoun, lapolis, ponpye, ak ajan pwobasyon. Epi tou, si w vle remèt yon rapò bay DCF, ou mèt kontakte responsab pou aplikasyon lalwa yo, oswa Biwo pou Defann Dwa Timoun lan [Office of the Child Advocate].

Èske li enpòtan pou moun yo sispèk ki komèt zak la se yon moun k ap okipe timoun lan?

DCF se ajans ki resevwa tout rapò sou ka yo sispèk yon timoun ki poko gen 18 an sibi vyolans oubyen neglijan nan Massachusetts. DCF mennen ankèt lè li resevwa rapò kont yon moun majè oubyen yon jenn moun ki responsab pou okipe yon timoun. Menm si moun ki komèt zak la se "pa yon moun ki responsab pou okipe timoun lan" (ki kapab yon etranje ki fè vyolans fizik oubyen seksyèl, oswa vyolans sou adolesan ki soti avèk li, oswa yon kadejak dapre definisyon lalwa), ou oblije remèt yon rapò 51A.

Kouman pou mwen fè rapò a, epi konbyen tan mwen genyen pou remèt li?

Ou dwe telefone DCF tousuit, epi apre sa, remèt yon rapò ekri anvan 48 èdtan. Rapò a dwe genyen ladan l: non w; non timoun lan ansanm ak non papa ak manman l oswa moun ki responsab li; laj timoun lan, epi di si se yon gason oubyen yon fi; deskripsyon chòk la, epi di nivo gravite l, epi gravite vyolans oswa neglijan lan, ak sikonstans ki te pèmèt ou aprann yo; si gen okenn aksyon ki te pran pou ede timoun lan; idantite moun yo sispèk ki komèt zak la; epi tout lòt enfòmasyon ou kwè ki ta kapab ede jwenn kisa ki lakòz chòk timoun lan pran.

Kisa k ap rive apre DCF resevwa rapò mwen an?

- DCF ap deside si pou l "seleksyone" ka a pou yon ankèt. DCF pral "retounen" ka kote deklarasyon yo pa koresponn ak definisyon vyolans oswa neglijan, oubyen si l klè moun yo sispèk ki fè zak la se pa yon moun ki t ap okipe timoun lan. Anpil ka yo "retounen" yo pral transfere bay lapolis lokal la ak bay Komisè Gouvènman an, pou yo fè ankèt ki kapab rive devan lajistis.

- DCF mennen ankèt lè li resevwa yon rapò sou vyolans oswa neglijan. Lè gen yon ka ijans, anketè a dwe pran yon desizyon sou sekirite timoun lan ak kote yo dwe mete timoun lan anvan 24 èdtan pase, epi remèt yon rapò final anvan 5 jou pase. Lè se pa yon ka ijans, ankèt la dwe fini anvan 15 jou ouvrab pase.
- DCF ap "kontinye travay" sou rapò ki fèt apre ankèt la, si gen yon bon rezon pou kwè timoun lan te sibi vyolans oswa neglijan nan men moun k ap okipe l la. DCF ap "sispann travay" sou rapò a, si prèv yo montre timoun lan pa t sibi vyolans oubyen neglijan, oubyen moun ki komèt zak la se pa moun ki t ap okipe timoun lan. Lè sa nesèsè, DCF ap bay fanmi an sèvis.
- DCF ap fè lapolis lokal la ak Komisè Gouvènman an konnen tousuit, nan kèk ka kote yo remèt li yon rapò, epi l ap voye kopi tout rapò 51A ki montre prèv yo, menm si l te bay notifikasyon deja, lè peryòd ankèt la fini.

Èske yo ka pran sanksyon kont mwen pou yon rapò 51A mwen remèt?

Si w remèt yon rapò ak bon entansyon, sa ki vle di, si w kwè tout bon rapò a di laverite epi enfòmasyon yo kòrèk, yo pa ka pran okenn aksyon sivil ni penal kont ou paske ou fè travay ou kòm moun ki mandate pou fè rapò.

Èske yo ka pran sanksyon kont mwen paske mwen pa remèt yon rapò 51A?

Si ou pa remèt yon rapò lè ou ta dwe fè sa, yo kapab mennen w devan yon tribinal penal, ki ka fè w peye yon amann jiska \$1000 si yo jwenn ou koupab. Koumanse nan dat 1ye jiyè 2010, se yon krim ki kapab lakòz yon amann oswa prizon si yon moun remèt yon rapò frivòl, ak si yon moun ki mandate pou fè rapò konnen pou l fè rapò lè gen yon ka vyolans oubyen neglijan kont yon timoun, ki lakòz timoun lan resevwa yon chòk fizik oubyen li mouri, epi moun ki mandate a pa fè rapò a.

Èske mwen mèt kite responsab pou fè rapò a bay yon siperyè m?

Reponsab pou fè rapò a pa kapab transfere. Si w se yon anplwaye nan yon enstitisyon medikal oubyen yon lòt kalite enstitisyon piblik oswa prive, oubyen nan yon lekòl oswa yon etablisman, ou kapab notifie moun ki anchaj la oubyen yon reprezantan li nonmen pou sa, ki lè sa a pral vin gen responsab pou remèt rapò a.

GID



POU EKRI RAPÒ 51A



LÈ YO RAPÒTE YON KA VIOLANS OSWA NEGLIJANS SOU YON TIMOUN

GERRY LEONE
KOMISÈ GOUVÈNMAN NAN MIDDLESEX

INITE KONT VIOLANS SOU TIMOUN LAN
15 COMMONWEALTH AVENUE
WOBURN, MA 01801
(781) 897-8400

www.middlesexda.com

Pou fè rapò sou neglijan oswa vyolans sou timoun, rele nimewo
Child-at-Risk Hotline la: 1-800-792-5200

